

Garanti Dwa Sivil Pandan Entèvansyon kont COVID-19

Anba lwa Federal sou dwa sivil yo ak Lwa Robert T. Stafford pou Sekou nan Ka Dezas ak Ijans (Robert T. Stafford Disaster Relief and Emergency Act, Stafford Act) la, FEMA, patnè Leta, patnè lokal, Tribi ak patnè Teritoryal (SLTT) yo, ak òganizasyon non-gouvènmantral ki bay sekou ak asistans nan ka dezast yo ki angaje yo nan "distribisyon materyèl, tretman aplikasyon, ak lòt aktivite pou bay sekou ak asistans yo dwe [akonpli aktivite sa yo] defason ekkitab e san patipri, san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè po, relijyon, [orijin nasyonal], sèks, laj, andikap, kapasite nan lang Anglè, ni akòz kondisyon ekonomik."¹ Lwa sou dwa sivil yo ak otorite legal yo kontinye rete anvigè, e yo paka anile yo, pandan ijans yo. Selon administratè FEMA a, Pete Gaynor, "Li pi enpòtan kounyeya la a pou FEMA aplike valè fondamantal nou yo ki se konpasyon, entegrite, ekite, ak respè nan bay tout Ameriken sèvis pandan konba san parèy sa a kont COVID-19 la".

Biwo Dwa Sivil FEMA a responsab pou l asire konfòmite ak aplikasyon obligasyon Dwa Sivil ekstèn FEMA a yo anba Seksyon 308 ak 309 nan Lwa Stafford, Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil yo, Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon an, Lwa sou Diskriminasyon akòz Laj la, Lòd Egzekitif 13166, "Amelyorasyon Aksesibilite a Sèvis pou Moun ki Limite nan Lang Anglè yo," ak Lòd Egzekitif 12898, "Jistis Anviwònman."²

Anba Lwa Stafford la, FEMA ap founi kowòdinasyon operasyonèl, asistans finansye, ak lòt asistans Federal bay patnè SLTT yo. FEMA ofri meyè pratik sila yo pou asiste patnè SLTT nou yo nan antisipe ak adrese kesyon sou dwa sivil yo pandan entèvansyon kont ak rekiperasyon apre COVID-19 la.³

Aksè a Kominikasyon Efikas

- Founi entèpretasyon nan langaj siy pou tout konferans ak brifing televize yo, epi asire entèprèt langaj siy nan parèt nan kamera a oubyen asire genyen yon imaj-nan-imaj lè gen distans sosyal;
- Founi soutitraj nan difizyon dirèk oubyen lòt metòd ak deskripsyon odyo pou enfòmasyon vizyèl nan fon an si li pa disponib sou fòm odyo;

¹ Seksyon 308 nan Lwa Stafford la, 42 U.S.C. § 5151. *Al gade tou* 44 C.F.R. § 206.11(c) (ki egzije òganizasyon oubyen gouvènman k ap resevwa asistans anba Lwa Stafford la pou yo bay garanti alekri sou entansyon yo pou respekte règleman ki gen rapò ak non-diskriminasyon yo).

² *Id.*; Seksyon 309 nan Lwa Stafford la, 42 U.S.C. § 5152; Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, 42 U.S.C. § 2000d et seq., Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an, 29 U.S.C. § 794; Lwa 1975 sou Diskriminasyon akòz Laj, 42 U.S.C. § 6101 et seq.; Lòd Egzekitif 13166, Amelyorasyon nan Aksè a Sèvis pou Moun ki Limite nan Lang Anglè yo, [Lòd Egzekitif 13166](#); Lòd Egzekitif 12898, Jistis Anviwònman, [Lòd Egzekitif 12898](#).

³ FEMA pa sipòte okenn antite, òganizasyon, ni sèvis non-gouvènmantral. FEMA pa verifye defason endepandan, deklarasyon tyès pati yo fè.



- Founi enstriksyon etap-pa-etap konsènan sant mobil yo oubyen lòt sant depistaj yo atravè anons sèvis piblik ki aksesib, epi note limitasyon ki genyen pou èd ak sèvis oksilyè an pèsòn yo akòz konsiy distans sosyal la, epi ankouraje moun itilize entèpretasyon adistans nan videyo (VRI) pou moun ki bezwen kominike pa langaj siy nan sant depistaj yo;
- Fè aranjman pou moun ki gen bezwen aksè nan domèn kominikasyon nan lopital tanporè yo, tankou an pèsòn (si posib) oubyen sèvis entèprèt langaj siy adistans ki kalifye nan domèn medikal ak piktogram pou asiste moun ki gen andikap koyitif oubyen entelekyèl yo. Tanpri al gade [rekòmandasyon yo](#) pou aksè nan kominikasyon nan etablisman medikal yo pandan COVID-19 ke yon kowalisyon òganizasyon non-gouvènmantal kreye e ki gen ekspètiz pou asiste moun soud, ki gen difikilte pou tande, ki soud-avèg, e ki gen twoub lapawòl;
- Founi mesaj nan ka dijans ak enfòmasyon piblik ki aksesib, tankou nan medya tradisyonèl ak medya sosyal. Founi aksè nan domèn kominikasyon ki efikas, konsidere plizyè fòm, tankou videyo ki aksesib ki gen ladan yo langaj siy Ameriken (ASL), soutitraj, kòmantè odyofonik (voiceover), transkripsyon, ak deskripsyon odyo si li nesèsè; li ka nesèsè pou gen soutitraj ak kòmantè odyofonik (voiceover) nan videyo yo nan plizyè lang; e
- Asire sitwèb ki gen enfòmasyon ki gen rapò ak ijans yo aksesib pou moun ki gen andikap yo, avèk tou itilizasyon videyo soutitre ak tag altènatif pou imaj yo pou pèmèt moun ki itilize lektè ekran yo ak lòt teknoloji asistans yo li yo. Al gade [Asistans Teknik DOJ pou Teknoloji Aksesib \(DOJ Technical Assistance on Accessible Technology\)](#).

Planifikasyon, Entèvansyon ak Rekiperasyon Global

- Asire sèvis yo founi defason ekkitab ak enklizif, san yo pa pran ankòt ras, koulè po, relijyon, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, konpetans nan lang Anglè, oubyen kondisyon ekonomik. Sa gen ladann pa fè sipozisyon ke sèten gwoup rasyal oswa etnik gen plis chans pou yo pwopaje – oubyen rekipere apre – COVID-19 piplis pase zòt e pou yo pa aksepte demann diskriminatwa pou yon pwofesyonèl swen sante ki gen yon ras oswa orijin nasyonal byen presi;
- Travay an tèt ansanm ak òganizasyon kominotè yo ak founisè sèvis sosyal yo pou pataje mesaj yo bay tout kominote a, ikonpri moun ki gen andikap yo, moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo, popilasyon ki gen revni ba yo, kominote ki defavorize yo, ak plizyè kominote relijye yo;
- Konsidere demann pou akomodasyon relijye nan tretman ak aksè pou pratik eklezyastik oswa kwayans depi li posib dapre règleman pou distans sosyal yo;
- Kolabore avèk òganizasyon non-gouvènmantal yo, tankou men san se pa sa yo sèlman, sant pou vi otonòm lokal ki jwenn finansman nan leta, òganizasyon pwoteksyon ak defans, sant inivèsitè ki akse sou andikap yo, ak ajans rejyonal vyeyès yo pou reponn ak bezwen moun ki gen andikap yo ak lòt adilt aje pandan entèvansyon ak rekiperasyon an:
 - [Konsèy Nasyonal sou Vi Otonòm \(National Council on Independent Living\)](#)
 - [Rezo Nasyonal pou Dwa Andikape \(National Disability Rights Network\)](#)
 - [Asosyasyon Sant Inivèsitè sou Andikap \(Association of University Centers on Disabilities\)](#)
 - [Asosyasyon Nasyonal Ajans Rejyonal Vyeyès \(National Association of Area Agencies on Aging\)](#)
- Konsidere sa pwofesyonèl swen sante kominotè ak founisè sèvis asistans pèsònèl ki ap ede avèk aktivite toulejou pou moun ki gen andikap yo, bezwen kòm ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE);
- Konsidere sa moun ki gen revni ba yo, pami zòt, bezwen lè nap idantifye sant depistaj yo ak lokal pou lopital tanporè yo; e
- Pran desizyon pou tretman medikal, ki gen ladann, refi pou swen anba Estanda Swen nan tan Kriz yo ak

alokasyon respiratè, apre yon konsiderasyon endividyèl pou chak moun, san okenn prejije ak patipri, ikonpri, jeneralizasyon ak kritik sou kalite devni moun nan oswa valè li nan sosyete a, baze sou andikap moun nan, laj li, ras li, nivo revni li, oubyen nenpòt kondisyon pwoteje. Konsiderasyon endividyèl sa adwe baze sou prèy objektif medikal aktyèl yo ak avi eksprime pasyan yo yomenm konparativman ak ipotèz san fondman yo.

Aksè Lengwistik

- Asire aksè ki itil nan pwogram ak aktivite yo pou moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) yo, ikonpri itilizasyon entèprèt kalifye ak materyèl ki tradui nan sant depistaj yo ak nan lopital tanporè yo. Gen plis enfòmasyon sou aksè lengwistik yo ki disponib nan <https://www.lep.gov/emergency-preparedness>; ak
- Se pou mesaj nan ka ijans disponib nan langaj ki senp avèk tou nan lòt lang ki pa lang Anglè ke yo pale nan zòn ki afekte yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan <https://www.lep.gov/maps>, yon zouti entèaktif katografi, selon konte, pou ede idantifye lang moun pale nan yon kominote.

Aksè Fizik

- Asire sant depistaj yo ak lopital tanporè yo gen aksè fizik pou moun ki gen andikap yo; e
- Itilize Konseye sou Dwa Sivil FEMA yo pou asiste avèk enspeksyon nan sant yo; Konseye sou Dwa Sivil OER yo afekte nan biwo Rejyonal FEMA yo pou yo bay konsèy, asistans teknik, konfòmite ak ranfòsman parapò ak obligasyon dwa sivil ekstèn FEMA ak SLTT yo genyen yo.

Jistis Anviwònman

- Asire patisipasyon dirèk kominote minoritè yo ak popilasyon ki gen revni ki ba yo nan devlopman ak enplemantasyon desizyon sou politik k ap gen enpak sou anviwònman an pandan entèvansyon ak rekipasyon an; e
- Asire desizyon tankou eliminasyon dechè medikal yo fèt defason ekitab pou anpeche enpak anviwònmanal ki pa pwopòsyonèl sou kominote moun nwa yo ak popilasyon ki gen revni ki ba yo.

Plent ak Preyokipasyon Konsènan Dwa Sivil

Manm popilasyon an kapab depoze plent konsènan dwa sivil alatansyon OER, an koneksyon ak aktivite FEMA yo oswa pwogram ak aktivite FEMA finansye yo nan fason swivan yo:

- Rele Biwo Egalite Dwa nan FEMA (FEMA Office of Equal Rights) nan 202-212-3535 epi prese 1; oubyen pou itilizatè TTY yo, rele 800-462-7585
- Voye yon imèl bay Biwo Egalite Dwa nan FEMA: FEMA-CivilRightsOffice@fema.dhs.gov
- Voye yon plent bay Biwo Egalite Dwa nan FEMA nan

lapòs: FEMA Office of Equal Rights
C Street, SW, Room 4SW-0915
Washington, DC 20472-3505

Pou jwenn enfòmasyon sou biwo dwa sivil yo ak kijan pou w soumèt plent bay lòt ajans Federal yo, tanpri al gade [Lis DOJ a pou Biwo Dwa Sivil nan Ajans Federal yo](#)

Resous

- Aksè a Kominikasyon Efikas
- [Depatman Jistis Etazini \(U.S. Department of Justice:\) Kominikasyon ak Moun ki Soud oswa Ki Gen Difikilte pou Tande nan Anviwònman Lopital](#)
- [Depatman Jistis Etazini \(U.S. Department of Justice:\) Aksè a Swen Medikal pou Moun ki Gen Andikap nan Mobilite](#)
- [Depatman Jistis Etazini \(U.S. Department of Justice:\) Kondisyon pou Kominikasyon Efikas](#)
- [Resous ki soti nan Kominikasyon Pwofesyonèl Swen Sante Pasyan \(Patient Provider Communication\)](#)
- [Resous ki soti nan Asosyasyon Nasyonal pou Moun ki Soud \(National Association of the Deaf\)](#)
- [Resous ki soti nan Kominikasyon Anpremye \(Communication First\)](#)
- Pou aksè sou entènèt: www.w3.org
- Planifikasyon, Entèkansyon ak Rekiperasyon Global
- [Piblikasyon CDC sou Rediksyon Stigma ak COVID 19](#)
- [Konsèy Federal Konjwen sou Konfòmite ak Tit VI nan Aktivite Preparasyon, Repons, Mitigasyon ak Rekiperasyon nan Ka Dijans](#)
- Aksè Lengwistik
- Tiliv "[Mwen Pale \(I Speak\)](#)" [DHS la](#)

Pou jwenn kopi dokiman FEMA yo nan fòm altènatif, tanpri rele 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585).

Si w pale yon lang ki pa lang Anglè e w bezwen èd ak dokiman sa a, tanpri rele 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) e y ap konekte w ak yon entèprèt ki pral ede w gratis.

For copies of FEMA documents in alternative formats, please call 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585).

If you speak a language other than English and need help with this document, please call 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) and you will be connected to an interpreter who will assist you at no cost.

Si habla un idioma diferente al inglés y necesita ayuda con este documento, llame al 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) y lo contactaremos con un intérprete que lo ayudará sin costo alguno para usted.

Если вы не говорите на английском языке и нуждаетесь в помощи, позвоните по номеру 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585). Вас соединят с переводчиком, который бесплатно поможет вам.

Se você fala um idioma além do inglês e precisa de ajuda em relação a este documento, ligue para 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) e você será conectado a um intérprete que irá ajudá-lo sem nenhum custo adicional.

Nếu quý vị nói một ngôn ngữ khác Tiếng Anh và cần giúp đỡ với tài liệu này, hãy gọi 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) và quý vị sẽ được kết nối với một thông dịch viên, là người sẽ trợ giúp miễn phí cho quý vị.

영어를 사용하지 못하는 사람으로써 본 문서에 대해 도움이 필요할 경우, 전화 800-621-3362

(텔레타이프라이터: 800-462-7585)로 연락주시면 여러분을 무료로 도와줄 통역사와 연결해 드립니다.

إذا كنت تتكلم لغة غير الإنكليزية واحتجت إلى مساعدة مع تلك الوثيقة، يرجى الاتصال بالرقم 800-621-3362 (الطباعة ن بعد: 800-462-7585) وسيتم وصلك مع مترجم شفهي سيقدم لك المساعدة مجاناً.

Si vous parlez une langue autre que l'anglais et que vous avez besoin d'aide en rapport avec le présent document, veuillez composer le 800-621-3362 (numéro TTY pour les malentendants : 800-462-7585) pour qu'un interprète soit gratuitement mis à votre disposition.

英語以外の言語でこのページの詳細をお知りになりたい方は、お電話で800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) までお問い合わせください。無料で通訳をご利用いただけます。

Kung nagsasalita ka ng wikang bukod sa Ingles at nangangailangan ng tulong sa dokumentong ito, mangyaring tumawag sa 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) at maikokonekta ka sa isang interpreter (tagasalin sa wika) na tutulong sa iyo nang walang bayad.

如果您使用除英语之外的其他语言并且就本文件需要帮助，请致电800-621-3362（听障及语障用户（TTY）：800-462-7585），您将与翻译人员联系，该翻译人员将为您提供免费帮助。